

Lang nan Kay ak nan Kominote

Pou Fanmi yo

*Men 8 bagay ou ka fè chak jou
pou ede pitit ou aprann lang
fanmi ou e reyisi lekòl!*



Pale lang ou nan kay la

Mwayen ki pi fasil e pi enpòtan se itilize lang manman w chak jou. Anpil fanmi krent ke si yo itilize lang manman yo sa pral fè timoun yo twoouble. Anfèt, timoun ka aprann byen fasil plizyè lang a la fwa. Li pi fasil pou timoun yo aprann lang Angle lè yo gen yon fondasyon fèm nan lang manman yo.

Rakonte istwa epi chante chante

Fanmi w gen yon eritaj ki rich pou transmèt bay pitit ou yo. Istwa, chante, rim, powèm, dizon, ak chante w te aprann lè w te piti se yon pati enpòtan nan eritaj yo. Pataje sa yo avèk pitit ou epi amize nou!

Rakonte istwa epi li liv ansanm

Li ansanm se yon pati ki kritik nan fè timoun ou aprann bonè. Timoun aprann anpil ladrès ke yap bezwen nan lekòl lè yo koute istwa epi gade nan liv avèk fanmi yo. Epi tou yo amize yo anpil!



Prete nan bibliyotèk la materyèl nan lang ou

Chèche liv, DVD, ak mizik nan lang ou. Si yo pa gen sa w bezwen, mande anplwaye bibliyotèk la pou ede w jwenn sa w bezwen.

Pale sou tradisyon ak kilti ou yo

Vizite klas pitit ou epi pataje lang, kilti ak tradisyon w yo. Pataje istwa ak chante fanmi epi ankouraje pitit ou redi istwa e pataje eritaj fanmi w avèk lòt moun. Pataje chante ak jwèt ki soti nan kilti w ak elèv e pwofesè nan klas pitit ou.



Haitian Creole

Developed by Head Start, a national program for children and families. <http://eclkc.ohs.acf.hhs.gov/hslc/tta-system/cultural-linguistic> • Biwo Head Start 2014.

HEAD START
THE NATIONAL CENTER ON
Cultural and Linguistic
Responsiveness

Chèche aktivite nan kominote ou



Kontinye pale lang pa w toutotan ptit ou ap grandi

Gen de lè, timoun yo konn prefere lang Angle toutotan yap grandi. Pale ak ptit ou sou avantaž ki genyen nan pale de lang. Kontine pale lang pa w, menm si ptit ou reponn nan lang Angle pou komunikasyon ak ptit ou toujou posib.

Pa blyye OUMENM se kle nan kenbe lang manman w vivan

Paran ak lòt manm fanmi yo se moun ki pi enpòtan nan lavi timoun ou yo. Sa w bay enpòtans ptit ou ap aprann ba li enpòtans tou. Ede yo aprann ke lang ak kilti fanmi w se yon bagay yo dwe fyè de li e ke yo dwe cheri. Sonje benefis ki genyen nan lang manman w epi rete fidèl nan angajman pou kontinye itilize l.



Haitian Creole

Developé pa biro Head Start, sant nasyonal sou kilti ak reseptivite lengwistik
<http://eclkc.ohs.acf.hhs.gov/hslc/tta-system/cultural-linguistic> • Biwo Head Start 2014.

HEAD START
THE NATIONAL CENTER ON
Cultural and Linguistic
Responsiveness